

W ap konfime aloral ke enfòmasyon ki annapre yo kòrèk:

1. **Ou rezidan nan Eta Connecticut.**
2. **Revni ou touche a nan nivo oswa anba limit brit (anyèl) pou kantite moun ki nan fwaye kay ou an anba la a:**

Tablo anba a montre yon revni brit anyèl pou chak gwosè fanmi. Si revni fwaye kay ou an nan nivo oswa anba revni ki liste pou kantite moun nan fwaye kay ou an, ou elijib pou resevwa machandiz TEFAP yo.

Gwosè Kay la	1	2	3	4	5	6	7	8*
Revni Anyèl	30,268	40,937	51,606	62,275	72,944	83,613	94,282	104,951

- Pou chak moun anplis, ajoute \$10,669
- Direktiv sou revni yo reflekte 235% limit povrete federal la, dènye mizajou 1/07/2021

Ou elijib pou resevwa machandiz TEFAP yo, si fwaye kay ou patisipe nan nenpòt nan pwogramki annapre yo:

Pwogram Asistans Nitrisyonèl Sipleman (Supplemental Nutritional Assistance Program, **SNAP**), Fanm, Tibebe ak Timoun (**WIC**), Asistans Tanporè pou Fanmi ki gen Bezwen (Temporary Assistance for Needy Families, **TANF** oswa **TFA**), Asistans nan Enèji, HUSKY Health/Medicaid, Pwogram Seksyon 8 Asistans nan Lwaye (Section 8 Rental Assistance Program), Asistans Jeneral Eta a Administre (State Administered General Assistance, **SAGA**), ak Revni Sekirite Sipleman (Supplemental Security Income, **SSI**).

3. **Ou pral rapòte nenpòt chanjman nan moun lakay ou oswa nan revni anvan pwochen vizit la.**

Deklarasyon USDA Kont Diskriminasyon (Swit)

Konfòmman ak lwa Federal konsènan dwa sivil avèk regleman ak prensip Depatman Agrikilti Ameriken (U.S. Department of Agriculture, USDA) konsènan dwa sivil yo, nou entèdi USDA anvanm ak Ajans, biwo, ak anplwaye li yo, ak enstitisyon k ap patisipe oswa jere pwogram USDA yo fè diskriminasyon kont moun ki baze sou ras, koulè po, orijin nasyonal, kwayans relijye, yon andikap, laj, kwayans relijye, oswa revanch oswa reprezay pou aktivite yon moun te patisipe ladan avan pou defann dwa sivil nan nenpòt pwogram oswa aktivite USDA ap fè oswa finanse.

Moun ak andikap ki bezwen lòt mwayen komunikasyon pou jwenn enfòmasyon sou pwogram (tankou enfòmasyon ak ekriti Bray, an gran lèt, sou kasèt, Lang Siy Ameriken, elatriye), dwe kontakte Ajans (nan nivo Eta oswa lokal) kote yo te aplike pou asistans yo. Moun ki soud, tande di oswa gen pwoblèm pou pale ka kontakte USDA atravè Sèvis Relè Federal la nan (800) 877-8339. An plis, yo kapab jwenn enfòmasyon sou pwogram yo nan lòt lang.

Pou depoze yon plent kont diskriminasyon, ranpli [Fòmilè Plent Diskriminasyon Pwogram USDA](#) a, (AD-3027). W ap jwenn li sou entènèt nan adrès: [How to File a Complaint](#), ak nan nenpòt biwo USDA, oswa ekri yon lèt bay USDA epi bay enfòmasyon yo mande nan fòmilè a sou lèt la. Pou mande yon kopi fòmilè plent la, rele (866) 632-9992. Voye fòmilè ou ranpli oswa lèt ou ekri a bay USDA pa:

- (1) lapòs: U.S. Department of Agriculture
Office of the Assistant Secretary for Civil Rights
1400 Independence Avenue, SW
Washington, D.C. 20250-9410;
- (2) faks: (202) 690-7442; ou
- (3) imèl: program.intake@usda.gov.

Enstitisyon sa a ofri tout moun menm opòtinite a.

Yo te bay dokiman sa a an rapò ak resepsyon Asistans Federal nan men Pwogram Asistans Manje Tanporè (Emergency Food Assistance Program, TEFAP). Ofisyèl pwogram yo gendwa verifye kisa ki te oto-deklare nan dokiman sa a. Yo ba w dokimantasyon sa a antanke validasyon deklarasyon elijibilite w. Si ou fè fo deklarasyon, ou ka dwe reapey Ajans Eta a valè manje yo ba w yon fason san jisitifkasyon reyèl epi yo gen dwa pouswiv ou devan yon tribinal sivil oswa penal dapre Lwa Eta a oswa Lwa Federal.